

3 desanm 2020

Chè fanmi,

Pandan n ap prepare pou reouvri bilding lekòl Distri 75 yo nan jou 10 desanm lan, nou vle ba w dènye enfòmasyon an sou tès COVID-19 k ap fèt pou elèv lekòl distri 75 ak pou elèv pwogram enklizyon Distri 75 yo. Kòm ou ka konnen, nan mwa oktòb la, Depatman edikasyon Vil Nouyòk (DOE) kolabore avèk Depatman sante ak ijyèn mantal (DOHMH) ak NYC Test and Trace Corps (T2) pou kòmanse fè tès COVID-19 pou yon gwoup oaza chak mwa pou manm estaf ak elèv DOE nan distri lekòl kominote yo nan tout vil la. Rive kounye a, yo deja teste plis pase 100,000 elèv ak manm estaf atravè vil la.

Tès sa yo—ki rapid, fasil, ak ansekirite—enpòtan anpil pou kenbe elèv, fanmi, ak manm estaf ansante ak lekòl nou yo ouvri pou ansèyman ak aprantisaj pandan ane lekòl 2020-2021 an. Epi paske tès la ede idantifye ka COVID-19 pozitif kote sentòm yo pa toujou prezan, n ap travay kole kole avèk patnè nou yo nan DOHMH ak T2 pou elaji kapasite jeneral nou pou teste elèv ak manm pèsònèl DOE yo nan tout vil la.

Mwa sa a, nou pral agrandi pwogram tès oaza a nan lekòl nou an pou ajoute elèv ki nan lekòl Distri 75 yo. Anplwaye nan lekòl sa yo ap patisipe nan tès oaza yo deja depi pwogram lan te kòmanse nan mwa oktòb la. Y ap rekòmanse teste manm estaf yo 10 desanm epi y ap kòmanse teste elèv yo 14 desanm. Elèv ki nan Pwogram enklizyon D75 yo ap patisipe nan pwogram tès lekòl distri kominote yo—tanpri al gade plis enfòmasyon nan seksyon FAQ ki nan lèt sa a. Tès yo ap kontinye chak semèn.

Tout elèv atravè vil la, ladan elèv ki nan lekòl Distri 75 yo, oblije patisipe nan tès nan lekòl yo, sof si yo gen yon eksepsyon. Elèv ki pa remèt yon fòm konsantman oswa yon demann eksepsyon ap pase nan aprantisaj konplètman adistans. Pou nou kenbe kominote lekòl nou yo ansante ak pwoteje, ak pou asire bilding lekòl nou yo rete ouvri, nou ankouraje paran/responsab pou yo ranpli fòm konsantman an avèk yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account, NYCSA) nan [mystudent.nyc](https://mystudent.nyc.gov); enprime fòm lan ki disponib nan schools.nyc.gov/covidtesting, ranpli l ak siyen l, oswa mande yon kopi nan lekòl ou a.

Tès COVID-19 nan lekòl pou elèv Distri 75

Bagay ou dwe konnen sou kòman nou pral teste pitit ou a:

- Nou bezwen yon fòm konsantman nan dosye chak elèv. Paran ka mande yon eksepsyon pou rezon medikal oswa rezon ki baze sou andikap, men se pa tout demand eksepsyon y ap apwouve.
- Yo pap teste okenn timoun si yo pa alèz oswa si yo vin an detrès nan nenpòt ki pwen pandan pwosesis tès la.
- Enfimyè nan lekòl ou a, ki deja konnen pitit ou a, ap resevwa fòmasyon espesyal pou yo ka teste elèv paran yo deja bay konsantman. Nan kèk ka, ka gen yon lòt founisè sou plas ki ede lekòl yo nan bay tès yo. Si ou ta prefere se enfimyè lekòl la ki bay pitit ou a tès la, tanpri fè lekòl ou a konnen. Se enfimyè lekòl yo k ap fè pifò tès pou elèv nan distri 75.
- Y ap fè tès la avèk yon prelevman tou kout nan nen an, sa ki fè eksperyans lan rapid ak fasil pou elèv yo.
- Finalman, ou ka fè aranjman alavans pou kowòdonatè paran an oswa yon reprezantan yo mete nan lekòl ou a rele ou avan ak apre tès la pou kenbe w enfòmè sou kòman pitit ou a reyaji avèk tès la.

Rezilta ak vi prive pitit ou a

- Lè yon elèv teste nan lekòl la, y ap voye enfòmasyon sou pwosesis tès la, ladan kilè fanmi pral resevwa rezilta yo, lakay ou avèk pitit ou a.
- Pifò rezilta tès ap disponib nan espas 48 èdtan. Si pitit ou a teste pozitif pou COVID-19, laboratwa ki fè tès la ap rele w nan telefòn pou fè ou konnen, epi Test & Trace Corps ap rele pou bay fanmi ou resous ak sipò.
- Tout done ki gen rapò avèk tès, enfòmasyon, ak rezilta yo jwenn nan lekòl la oswa nan nenpòt lokal tès COVID-19 gratis NYC Health + Hospital — konfidansyèl ak pwoteje avèk lwa estrik Vil la, Eta a, ak federal, ki gen ladan lwa sou vi prive done elèv.
- Yo pa itilize tès COVID-19 yo pou okenn lòt rezon pase pou detèmine si pitit ou a gen COVID-19.

Kòman mwen ka voye konsantman an?

Voye fòm konsantman pou yo ka teste pitit ou a nan lekòl kont COVID-19 la rapid ak fasil. Menm si ou te deja remèt konsantman, nou mande ou pou fè sa ankò pou asire elèv ou a gen dènye fòm konsantman an nan dosye li. Gen de fason ou ka bay konsantman w:

1. Ranpli fòm lan sou entènèt avèk yon Kont lekòl Vil Nouyòk (New York City Schools Account) New York City Schools Account (NYCSA)
 - Si w deja gen yon kont NYCSA ki lye avèk elèv ou a(yo): Log in, klike sou non elèv ou a, klike sou "Manage Account," epi apre, lè yon meni k ap deroule parèt, klike sou "Fòm Konsantman (Consent Forms)." Li paj la, epi chwazi opsyon konsantman an nan fen an pou elèv ou a.
 - Si ou poko gen yon kont NYCSA: Ou ka kreye youn nan [mystudent.nyc](https://mystudent.nyc.gov) kounye a! Si lekòl ou a ba w yon kòd pou kreye yon kont, ou ka kreye yon kont konplè sèlman nan kèk minit, epi apre, bay konsantman w jan nou dekri sa pi wo a. Si lekòl ou a pa t ba w yon kòd pou keye kont, ou ka toujou bay konsantman ou lè w klike sou "Jere imedyatman Konsantman (Manage Consent)" anba "COVID-19 Testing" epi ranpli enfòmasyon pou ou ak pou pitit ou a.
2. Ekri an lèt detache epi siyen fòm ki vini avèk lèt sa a epi pote li nan lekòl pitit ou a nan premye jou li retounen nan bilding lekòl la. Yon fòm an PDF disponib nan 10 lang nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Eske mwen ka jwenn eksepsyon pou tès chak semèn lan?

Y ap bay eksepsyon pou kèk ka byen limite sèlman. Y ap evalye tout demand, men se sèlman sikonstans ki gen enpak dirèk sou abilite pitit ou a pou fè tès la k ap valab pou yo apwouve yon eksepsyon. Fòm pou mande eksepsyon yo ap disponib nan schools.nyc.gov/covidtesting:

- Yon fòm pou elèv ki bezwen yon eksepsyon medikal, akòz yon kondisyon sante ki ta fè li an danje pou fè tès (pa egzanp, chòk vizaj, operasyon nan nen). Se yon doktè ki dwe siyen fòm sa a epi ou dwe remèt dokiman medikal founisè swen sante bay.
- Yon fòm pou elèv ki gen andikap ki pa ka fè tès la san danje nan lekòl akòz nati andikap yo. Yo atann pou fè pitit ou a fè tès COVID-19 la nan men founisè swen li, oswa yon lòt founisè tès depi yo te chwazi li nan gwoup oaza a.

Ou dwe mete yon adrès imèl nan sistèm suivi pou tès yo fè nan lekòl yo. Si ou poko fè sa, tanpri asire lekòl ou a gen yon adrès imèl nan dosye pitit ou a pou ou. Si ou pa gen yon adrès imèl, tanpri kontakte kowòdonatè paran lekòl ou a pi vit posib pou ede kreye yon kont imel.

Kisa k ap rive si m pa voye konsantman an?

Ou dwe remèt konsantman an pou pi ta jou pitit ou a retounen nan bilding lekòl ou an; sa a se dat delè a, epi nou bezwen tout elèv patisipe.

- Si pitit ou a vin lekòl nan premye jou li retounen pou enstriksyon anpèsòn lan san yon fòm konsantman nan dosye li, direktè lekòl ak anplwaye lekòl la ap kontakte ou pou jwenn konsantman w.
- Apre sa, elèv ki pa gen fòm konsantman nan dosye, ki pa remèt yon demand pou eksepsyon medikal oswa ki baze sou andikap dwe pase nan enstriksyon konplètman adistans. Direktè lekòl pitit ou a gen pou ba w plis enfòmasyon sou eksepsyon yo semèn sa a.

E elèv ki nan pwogram enklizyon Distri 75 yo?

Elèv ki nan Pwogram enklizyon Distri 75 yo ap patisipe nan menm pwogram tès COVID-19 elèv yo tankou kamarad edikasyon jeneral yo. Se yon founisè ki soti deyò k ap bay tès la. Menm jan ak tout elèv, elèv ki nan pwogram sa yo ka mande tou yon eksepsyon medikal oswa ki baze sou andikap jan yo dekri sa pi wo a. Elèv ki resevwa Sèvis Sipò Pwofesè Edikasyon Espesyal (SETSS) atravè Pwogram enklizyon Distri 75 la anrejistre nan lekòl distri kominotè yo. Bilding lekòl yo reouvri pou elèv ki nan aprantisaj miks k ap patisipe nan Pwogram enklizyon lekòl primè yo apati 7 desanm.

Elèv k ap patisipe nan Pwogram enklizyon lekòl presegondè ak segondè pa pral tounen nan bilding lekòl yo jiskaske nou etabli yon dat reouvèti pou aprantisaj miks nan lekòl klas 6-12yèm ane. Jiska dat retou anpèsòn lan, elèv sa yo ap kontinye aprann adistans ansanm ak kanmarad edikasyon jeneral yo epi yo pral resevwa enstriksyon adistans espesyal nan men founisè SETSS Pwogram enklizyon yo. Menm jan an tou, elèv ki nan Pwogram co-ansèyman entegre (ICT) Distri 75 ap retounen nan bilding lekòl yo nan dat retou lekòl yo pwograme pou lekòl distri kominote yo. Si w gen kesyon, voye yon imèl nan D75Inclusion@schools.nyc.gov.

Nou espere ke efò pou akomode tout elèv yo bay fleksibilite fanmi bezwen pou yo patisipe nan inisyativ enpòtan sante piblik sa a. Nou apresye anpil kolaborasyon w, koperasyon w, ak angajman w an jeneral pou kenbe kominote lekòl yo nan senk borough yo san danje epi ansante. Pou plis enfòmasyon sou pwotokòl tès oaza nan lekòl nou an, ladan fòm konsantman an ak konsèy pou pwoteksyon, oswa sou nenpòt nan 22 lokal tès COVID-19 gratis nan Vil la, ale nan schools.nyc.gov/covidtesting.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk